# ШЫН ЖҮРЕКТЕН ҚУТЛЫҚЛАЎЛАР

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (82 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (82 KB)

Елимизде 2016-жыл 4-декабрь күни болып өткен сайлаўда Шавкат Мирзиёевтиң Өзбекистан Республикасы Президенти болып сайланыўы мүнәсибети менен шет мәмлекетлерден ҳәм ҳүкиметлерден, халықаралық шөлкемлердиң басшыларынан, шет еллердиң белгили жәмийетлик ғайраткерлеринен шын жүректен тилеклер билдирилген қутлықлаўлар келмекте.

**Өзбекистан Республикасының сайланған Президенти**

**Уллы Мәртебели Мырза Шавкат Мирзиёевқа**

Ҳүрметли Уллы Мәртебели Президент Мырза!

Америка Қурама Штатлары атынан Сизди Өзбекистан Республикасы Президенти болып сайланғаныңыз бенен қутлықлайман. Еллеримиз арасындағы дослық ҳәм бирге ислесиў байланыслары елиңиз ғәрезсизликке ерискеннен соң, яғный 25 жыл бурын басланған. Өзбекистан Республикасының ғәрезсизлиги, суверенитети және аймақлық пүтинлигин қоллап-қуўатлаўға байланыслы сиясатымыз бүгин де даўам етпекте.

Сизиң Президент болып сайланғаныңыз Өзбекистан ушын әҳмийетли дәўирди баслап берди. Сизиң регионда бирге ислесиўди раўажландырыўда және халықаралық қатнасықларда теңсалмақлылықты сақлаўға қаратып атырған айрықша итибарыңызды қоллып-қуўатлайман. Сондай-ақ, Президент ўазыйпасын атқарыўшы сыпатында әҳмийетли тараўларда, соның ишинде, экономика ҳәм нызам үстинлиги салаларында Сиз баслаған ислерди үлкен қанаатланыўшылық пенен атап өтемен.

Ҳүкиметиңиз бенен орнатылған бирге ислесиўди буннан былай да раўажландырыўдан мәпдармыз және бул байланысларды еле де тереңлестириў ушын жаңа имканиятларды иске қосамыз. Өз-ара улыўма мәплеримизди есапқа алып, еллеримиздиң абаданлығы жолында биргеликтеги жумысларымызды даўам еттиремиз, деген үмиттемен.

Ҳүрмет пенен,

**Барак ОБАМА,**

**Америка Қурама Штатлары Президенти**

**Өзбекистан Республикасының сайланған Президенти**

**Уллы Мәртебели Мырза Шавкат Мирзиёевқа**

Уллы Мәртебели Мырза!

Сизди Өзбекистан Республикасы Президенти болып сайланғаныңыз мүнәсибети менен қутлықлайман. 2016-жыл 4-декабрь күни болып өткен сайлаўды жоқары дәрежеде, Конституцияға муўапық шөлкемлестирген Өзбекистан халқы мақтаўға сазаўар.

Мениң ўәкилликлерим өз жуўмағына жетип атырғаны мүнәсибети менен, пурсаттан пайдаланып, климат өзгериўи, ядролық қуралсызланыў және халықаралық тынышлық және қәўипсизликти тәмийинлеў сыяқлы бир қатар мәселелерде БМШ ҳәм Өзбекистан Республикасы Ҳүкимети арасындағы бирге ислесиў ушын миннетдаршылық билдирмекшимен. Ташкентте болып өткен ушырасыўларымызды қанаатланыўшылық пенен еслеймен.

Сизге Өзбекистанның келешектеги сиясий ҳәм социаллық раўажланыўында мәмлекет басшысы сыпатында үлкен табыслар тилеймен. Мырза Антониу Гутерреш басшылығында БМШ, соның ишинде, Орайлық Азия ушын превентив дипломатия бойынша регионаллық орай Өзбекистан ҳүкимети ҳәм халқы менен бирге ислесиўди даўам еттиретуғынын исеним менен айта аламан.

Уллы Мәртебели Мырза, Сизге болған жоқары ҳүрмет-иззетимди қабыл еткейсиз.

**Пан Ги МУН,**

**Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң Бас хаткери**

**Өзбекистан Республикасының сайланған Президенти**

**Уллы Мәртебели Мырза Шавкат Мирзиёевқа**

Уллы Мәртебели Мырза!

Ҳиндстан ҳүкимети ҳәм халқы атынан Сизди 2016-жыл 4-декабрь күни болып өткен Өзбекистан Республикасы Президенти сайлаўындағы жеңисиңиз бенен шын жүректен қутлықлайман.

Ҳиндстан ҳәм Өзбекистан арасында нәтийжели, узақ мүддетли дослық ҳәм бирге ислесиў байланыслары орнатылған болып, соңғы жылларда олар және де беккемленди ҳәм жаңа басқышқа көтерилди. Өз-ара пайдалы байланысларымыз буннан былай да раўажланып баратуғынына исенемен.

Пурсаттан пайдаланып, Сиз Уллы Мәртебели Мырзаға табыслар, Өзбекистан халқына ең жақсы тилеклеримди билдиремен.

Уллы Мәртебели Мырза, Сизге деген жоқары ҳүрметимди қабыл еткейсиз.

**Пранаб МУКЕРЖИ,**

**Ҳиндстан Республикасы Президенти**

**Өзбекистан Республикасының сайланған Президенти**

**Уллы Мәртебели Мырза Шавкат Мирзиёевқа**

Уллы Мәртебели Мырза!

Сизиң Өзбекистан Республикасы Президенти болып сайланғанıңыз ҳәм халқыңыздың қоллап-қуўатлағаны менен шын жүректен қутлықлаўымды қабыл еткейсиз. Өзбекистан Сизиң басшылығыңызда раўажланыў ҳәм абаданлық жолын даўам еттиретуғынына исенемен. Сиз көп жыллар мәмлекеттиң Бас министри сыпатында нәтийжели жумыс алып бардыңыз.

1992-жылы Корея Республикасы ҳәм Өзбекистан Республикасы арасында дипломатиялық байланыслар орнатылғанынан берли дослық қатнасықларымыз турақлы раўажланып атырғаны үлкен әҳмийетке ийе. Жақында қурылған Сүргил газ-химия комплекси сыяқлы табыслы жойбарларымыз ҳәм өз-ара пайдалы бирге ислесиўимиз буннан былай да кеңейетуғынына исенемен.

Келеси жылы еллеримиз арасында дипломатиялық қатнасықлар орнатылғанының 25 жыллығы ҳәм корейслердиң Орайлық Азияға көшиўиниң 80 жыллығын белгилеймиз, дослық ҳәм өз-ара исенимге тийкарланған стратегиялық шериклик қатнасықларымыз еле де тереңлесетуғынына үмит етемен. Сиз, Уллы Мәртебели Мырзаға саў-саламатлық ҳәм үлкен табыслар, Өзбекистан халқына мәңги абаданлық тилеймен.

**Пак Кин ХЕ,**

**Корея Республикасы Президенти**

**Өзбекистан Республикасының сайланған Президенти Уллы Мәртебели Мырза Шавкат Мирзиёевқа**

Ҳүрметли Президент Мырза!

Сизиң Өзбекистан Республикасы Президенти болып сайланғанıңыз бенен шын жүректен қутлықлаўымды қабыл еткейиз.

Өзбекистан Республикасын сиясий, қәўипсизлик ҳәм әсиресе, экономикалық салада бирге ислесиў көз-қарасынан Чехия Республикасының Орайлық Азия регионындағы ең әҳмийетли шериклеринен бири, билемен. Еллеримиз арасындағы экономикалық бирге ислесиўдиң өсим пәтлери избе-из даўам етпекте. Бирақ бирге ислесиўимиздиң барлық тараўларында қолда бар имканиятлар еле толық иске қосылмаған деген пикириме қосыласыз, деп ойлайман.

Усы мүнәсибет пенен Сизиң барлық дәрежеде, соның ишинде, жоқары дәрежедеги сиясий пикирлесиўди жеделлестириў зәрүрлиги ҳаққындағы сөзлериңизди мақуллайман ҳәм толық қоллап-қуўатлайман. Бул Чехия менен Өзбекистан арасында барлық тараўлардағы бирге ислесиўди буннан былай да раўажландырыў ушын әҳмийетли тийкар болып хызмет етеди.

Усыннан келип шыға отырып, Сиз, Уллы Мәртебели Мырзаны өзиңизге қолай ўақытта Чехия Республикасына сапар етип келиўге мирәт етемен. Чехия Республикасы ҳәм Өзбекистан Республикасы арасындағы дәстүрий шын жүректен қатнасықлар буннан кейин де дослық, шериклик ҳәм өз-ара ҳүрмет руўхында жәнe де раўажланатуғынына исенемен.

Сиз Уллы Мәртебели Мырзаға беккем денсаўлық ҳәм Өзбекистан Республикасы Президенти лаўазымында үлкен табыслар тилеймен.

Ҳүрмет пенен,

**Милош ЗЕМАН,**

**Чехия Республикасы Президенти**

**Өзбекистан Республикасының сайланған Президенти Уллы Мәртебели Мырза Шавкат Мирзиёевқа**

Ҳүрметли Президент Мырза!

Сизиң Өзбекистан Республикасы Президенти болып сайланғанıңыз бенен шын жүректен қутлықлаўға ҳәм өзимниң ең жақсы тилеклеримди билдириўге руқсат еткейсиз.

Еллеримиз арасында орнатылған сиясий, экономикалық ҳәм мәдений байланыслар келешекте буннан былай да беккемлениўине ҳәм көп тәреплеме бирге ислесиўмиз кеңейиўине исенемен.

Ҳүрметли Прнезидент Мырза! Сизиң жуўапкерли жумысыңызда бекекем денсаўлық, үлкен табыслар, Өзбекистан халқына жәнe де абаданлық тилеймен.

Ҳүрмет пенен,

**Янош АДЕР,**

**Венгрия Президенти**

**Өзбекистан Республикасының сайланған Президенти Уллы Мәртебели Мырза Шавкат Мирзиёевқа**

Уллы Мәртебели Мырза!

Сингапур халқы атынан Сиз, Уллы Мәртебели Мырзаны Өзбекистан Республикасы Президенти болып сайланғаныңыз бенен шын жүректен қутлықлайман.

Сиз, Уллы Мәртебели Мырзаның бул лаўазымға сайланғаныңыз Өзбекистан халқының Сизге шебер ҳәм дана Президент сыпатында исениминиң көриниси саналады. Өзбекистан Сизиң басшылығыңызда раўажланыў жолын исенимли даўам еттиретуғынына исенемен.

Өзбекистан ҳәм Сингапур арасында шын жүректен қатнасықлар жолға қойылған ҳәм еллеримиз түрли халықаралық форумлар шеңберинде нәтийжели бирге ислесип келмекте. Еллеримиз ҳәм халықларымыз арасындағы қатнасықларды буннан былай да раўажландырыў мақсетинде Сиз бенен биргеликте ислеў имканиятын сабырсызлық пенен күтип қаламан.

Жуўапкерли жумысыңызда табыслар тилеймен.

ҲШын жүректен ҳүрмет пенен,

**Тони Тан Кенг Ям,**

**Сингапур Республикасы Президенти**

**Өзбекистан Республикасының сайланған Президенти Уллы Мәртебели Мырза Шавкат Мирзиёевқа**

Ҳүрметли Уллы Мәртебели Мырза!

Мен ҳәм өмирлик жолдасым Сиз, Уллы Мәртебели Мырзаны Президент сайлаўында жеңиске ерискениңиз ҳәм халқыңыздың жоқары исенимине миясар болғаныңыз бенен шын жүректен қутлықлаймыз.

Уллы Мәртебели Мырза, Сизге беккем денсаўлық, аманлық ҳәм мәмлекет басшысы сыпатындағы жумысыңызда табыслар, Өзбекистан халқына мәңги тынышлық ҳәм абаданлық тилеймиз.

Сиз, Уллы Мәртебели Мырзаға болған жоқары ҳүрметимизди қабыл еткейсиз.

**Ал-Мутасиму Султон Бадлишоҳ Янг ди-Пертуан АГОНГ XIV,**

**Малайзия Патшасы**

**Өзбекистан Республикасының сайланған Президенти Уллы Мәртебели Мырза Шавкат Мирзиёевқа**

Ҳүрметли Шавкат Миромонович!

Вьетнат Социалистлик Республикасы ҳүкимети ҳәм халқы атынан Сизиң Өзбекистан Республикасы Президенти болып сайланғаныңыз бенен шын жүректен қутлықлаўымды жоллайман.

Өзбекистан халқының мәмлекетти турақлыластырыў ҳәм раўажландырыў бағдарында ерисип атырған жеңислерин барқулла қызығыўшылық пенен бақлап барамыз ҳәм қуўанамыз. Сизиң басшылығыңызда Өзбекистан халқыңыздың мәпи, регионда тынышылық ҳәм абаданлық жолында турақлы избе-из раўажланыўды даўам еттиретуғынана исенемен.

Вьетнам ҳәм Өзбекистан арасындағы дәстүрий дослық қатансықлары ҳәм көп қырлы бирге ислесиўдиң және де беккемлениўи халықларымыздың улыўма мәпине ҳәм тилеклерине хызмет ететуғынына исенемен.

Ҳүрметли Шавкат Миромонович, Сизге беккем денсаўлық, бахыт-ығбал ҳәм мәмлекет басшысы сыпатындағы жуўамкершиликли жумысыңызда табыслар тилеймен.

Ҳүрмет пенен,

**Чан Дай КУАНГ,**

**Вьетнам Социалистлик Республикасы Президенти**

Сондай-ақ, төмендегилер өз қутлықлаўларын жоллаған:

Россия Федерациясы Федерал Мәжилиси Федерация Кеңесиниң Баслығы  -  **Валентина Матвиенко**

Бирлескен Араб Әмирликлери Бас министриниң орынбасары, ишки ислер министри – **Сайф бин Зоид Ол Наҳаён**

БМШтың Азық-аўқат ҳәм аўыл хожалығы шөлкеми (ФАО) бас директоры – **Жозе Грациану да Силва**

Европа парламенти депутаты – **Ивета Григуле**

Европа парламенти депутаты – **Андрей Мамикинс**

«МАХАМ» компаниясының баслығы ҳәм Бас директоры – **Хосе Фернандо Санчес-Хунко**

Испания санаат үскенелерин ислеп шығарыўшылар аўқамының бас директоры – **Хуан Рамон Дуран Пабло**

Саудия Арабстанында жасап атырған ўатанласларымыз.

Қутлықлаўлардың келиўи даўам етпекте.

**Өзбекистан Республикасының сайланған Президенти**

**Уллы Мәртебели Мырза Шавкат Мирзиёевқа**

Ҳүрметли Уллы Мәртебели Президент Мырза!

Сизди Өзбекистан Республикасы Президенти болып сайланғанықыз бенен шын жүректен қутлықлайман.

Сизиң басшылығыңызда Өзбекистан демократияны беккемлеўде ҳәм нызам үстинлигин тәмийинлеўде табысларға ерисетуғынына, регионда жақын қоңсышылық қатнасықларын избе-из раўажландырыўға қаратылған сыртқы сиясатты жүргизиў арқалы Орайлық Азияда турақлылықты және де беккемлеўге үлес қосатуғынына исенемен. Германия Федеративлик Республикасы буннан былай да Өзбекистанның исенимли шериги болыўға ҳәм өз-ара бирге ислесиўди кеңейтиўге таяр.

Сизге жуўапкершиликли жумысыңызда табыслар, күш-қуўат ҳәм әўмет тилеймен.

**Йоахим ГАУК,**

**Германия Федеративлик Республикасы**

**Федерал Президенти**

**Өзбекистан Республикасының сайланған Президенти**

**Уллы Мәртебели Мырза Шавкат Мирзиёевқа**

Сиз Уллы Мәртебели Мырзаға Өзбекистан Республикасы Президенти болып сайланғанықыз мүнәсибети менен шын жүректен қутлықлаўларымды жоллаўда оғада қуўанышлыман.

Пурсаттан пайдаланып, еллеримиз арасындағы дослық қатнасықлардан қанаатланатуғынымызды билдирип, еллеримиздиң мәпи жолында бул қатнасықларды барлық салаларда буннан былай да раўажландырыў жолындан биргеликте ис-ҳәрекетлер алып баратуғынымызды атап өтемен.

Сиз Уллы Мәртебели Мырзаға саў-саламатлық, ығбал-бахыт, Өзбекистан ҳәм оның халқына турақлы раўажланыў және абаданлық тилеймен.

Уллы Мәртебели Мырза, жоқары ҳүрметимди қабыл еткейсиз.

**Шайх Сабоҳ ал-Аҳмад ал-Жобир ас-САБОҲ,**

**Кувейт Мәмлекети Әмири**

**Өзбекистан Республикасының сайланған Президенти**

**Уллы Мәртебели Мырза Шавкат Мирзиёевқа**

Ҳүрметли Шавкат Миромонович!

Сизди Өзбекистан Республикасы Президенти болып сайланғанықыз бенен шын жүректен қутлықлайман.

Биргеликтеги ис-ҳәрекетлеримиз Әзербайжан ҳәм Өзбекистан арасында халықларымыздың мәпи, регионда тынышлықты, турақлылықты ҳәм қәўипсизликти тәмийинлеў жолында стратегиялық шерикликти, ҳәр тәреплеме ҳәм көп қырлы бирге ислесиўди буннан былай да кеңейтиўге ҳәм беккемлеўге хызмет ететуғынына исенемен.

Ҳүрметли Шавкат Миромонович, Сизге беккем денсаўлық, туўысқан Өзбекистан халқының абаданлығы жолында мәмлекет басшысы сыпатындағы жуўапкершиликли жумысыңызда табыслар тилеймен.

Ҳүрмет пенен, **Илҳом АЛИЕВ,**

**Әзербайжан Республикасы Президенти**

**Өзбекистан Республикасының сайланған Президенти**

**Уллы Мәртебели Мырза Шавкат Мирзиёевқа**

Ҳүрметли Шавкат Миромонович!

Өзбекистан Республикасы Президенти болып сайланғаныңыз бенен шын жүректен қутлықлаўымды қабыл еткейсиз.

Украина Өзбекистанның дүнья жәмийетшилигиниң халықаралық ҳуқық принциплери ҳәм Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң Уставына сөзсиз әмел ететуғын абыройлы ағзасы сыпатында буннан былай да избе-из раўажланатуғынына исенеди.

Биргеликтеги ис-ҳәрекетлеримиз бенен өз-ара пайдалы шериклигтиң ең жақсы дәстүрлерин беккемлеп, халықларымыздың мәпи жолында еки тәреплеме бирге ислесиў имканиятларын толық иске салыўға үмит етемен.

Украина ҳәм Өзбекистан арасындағы дәстүрий дослық қатнасықларын буннан былай да беккемлеў мақсетинде өзиңиз ушын қолайлы ўақытта Украинаға келиўиңизге мирәт етемен.

Ҳүрметли Шавкат Миромонович, пурсаттан пайдаланып, Сизге беккем денсаўлық, мәмлекет басшысы сыпатындағы оғада жуўапкершиликли жумысыңызда табыслар, Өзбекистан халқына тынышлық, абаданлық тилеймен.

Ҳүрмет пенен,

**Пётр ПОРОШЕНКО, Украина Президенти**

**Өзбекистан Республикасының сайланған Президенти**

**Уллы Мәртебели Мырза Шавкат Мирзиёевқа**

Ҳүрметли Шавкат Миромонович!

Сизди Россия Федерациясы Ҳүкимети ҳәм жеке өзимниң атымнан Өзбекистан Республикасы Президенти болып сайланғаныңыз бенен шын жүректен қутлықлайман.

Сайлаўдағы исенимли жеңисиңиз Сизиң мәмлекетлик институтларды және де беккемлеў, избе-из социаллық-экономикалық раўажланыў ҳәм халықтың абаданлығын арттырыў бойынша алға сүрген бағдарларға сайлаўшылардың исениминен дәрек береди. Сиздиң басшылығыңызда Өзбекистан барлық салаларда жаңа табысларға ерисетуғынына исенемен.

Сиз Россия менен Өзбекистанның дослық ҳәм шериклик қатнасықларын кеңейтиў, саўда-экономикалық, илимий-техникалық ҳәм гуманитарлық бирге ислесиўди раўажландырыўға үлкен үлес қосқаныңызды айрықша атап өтемен. Өз-ара көп қырлы бирге ислесиўди раўажландырыў мақсетинде ҳүкиметлер дәрежесиндеги жумысларды белсенди даўам еттириўге таярман.

Ҳүрметли Шавкат Миромонович, Сизге беккем денсаўлық, абаданлық ҳәм мәмлекет басшысы сыпатындағы оғада жуўапкершиликли жумысыңызда табыслар тилеймен.

Ҳүрмет пенен, **Дмитрий МЕДВЕДЕВ,**

**Россия Федерациясы Ҳүкиметиниң Баслығы**

Сондай-ақ, төмендегилер өз қутлықлаўларын жоллаған:

Бангладеш Халық Республикасы Бас министри – **Шайх Ҳасина Вазед**

ҒМДА Атқарыў комитетиниң баслығы – орынлаўшы хаткери – **Сергей Лебедев**

Халықаралық валюта қорының атқарыўшы директоры – **Кристин Лагард**

Дүнья туристлик шөлкеминиң Бас хаткери – **Талеб Рифаи**

Европа парламенти вице-президенти – **Ричард Чарнецки**

Европа аўқамының Орайлық Азия бойынша арнаўлы ўәкили – **Питер Буриан**

Европа парламенти депутаты – **Артис Пабрикс**

Европа парламенти депутаты – **Фульвио Мартушелло**

Япония парламенти Кеңесгөйлер палатасының депутаты – **Кёко Накаяма**

Москва ҳәм Пүткил Рус Патриархи – **Кирилл**

АҚШ ҳәм Канада Бухара еврейлери конгресси президенти – **Борис Кандов**

М.В.Ломоносов атындағы Москва мәмлекетлик университетиниң ректоры, академик – **Виктор Садовничий**

Г.В.Плеханов атындағы Россия экономика университетиниң ректоры – **Виктор Гришин**

Корея Республикасы Инҳа университетиниң президенти – **Чве Сун Жа**

Қытайдың «Поли Техноложиз» компаниясының президенти – **Ван Линь**

Россияның «Транснефть» компаниясының вице-президенти – **Владимир Рушайло**

Қутлықлаўлардың келиўи даўам етпекте.

Sa'ne: 15.12.2016 10:59, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'